

**Your
Logo**

Your Legal Services Program Name

KEKSYON YO MANDE ANPIL POU YO ASISTE MOUN KI PAP TRAVAY APRE YON KATASTWÒF

1. Mwen pèdi travay mwen apre dezas la. Eske mwen kalifye pou Asistans Chomay?

Si ou pap travay akòz dezas la, ou kapab kalifye pou Asistans Chomay menm lè ou pa tap kalifye pou Benefis Chomay si pat gen dezas la. Ou kapab kalifye pou Asistans Chomay si:

- A. Se dezas la direktman ki kòz ou pèdi travay ou; osinon
- B. Dezas la fè ou pa kapab ale nan travay ou; osinon
- C. Ou ta pral koumanse yon lòt travay, men dezas la kòz ou pèdi travay sa-a; osinon
- D. Se ou kap pran swen moun ki nan kay la paske moun ki tèt kay la mouri nan dezas la; osinon
- E. Ou pa kapab travay paske ou te fraktire nan dezas la.

2. Eske mwen kapab kalifye pou Asistans Chomay apre yon dezas si map travay ak tèt mwen?

Oui, si wap travay ak tè ou, ou kapab kalifye pou Asistans Chomay si:

- A.. Si se dezas la direktman ki kòz ou pèdi travay ou; osinon
- B. Dezas la kòz ou pa kapab ale kote ou kon'n ale bay sèvis; osinon
- C. Ou ta pral koumanse travay ak tèt ou, men dezas la kòz ou pa gen kote pou ou ale; osinon
- D. Ou pa kapab travay paske ou fraktire nan dezas la.

3. Ki lòt bagay mwen bezwen moutre pou'm kapab kalifye pou benefis chomay?

Wap bezwen moutre:

- A. Ou te travay ase lane pase; epi tou.
- B. Ou rejistre pou travay nan yon sant lokal, epi ou gen tan pare pou ou travay, sòv:
 - 1. Si ou te fraktire nan siklòn nan epi frakti sa-am kòz ou pa kapab travay; osinon
 - 2. Ou tap travay ak tèt ou anvan siklòn nan, epi wap chache mete biznis ou sou pie ankò.

4. Eske imigran kapab kalifye pou Asistans Chomay?

Oui, si papye travay ou ponkò fini, epi tou si ou se sitwayen meriken, osinon ou gen grenn kat, osinon ou se refije, ou te gen azil, ou te antre tankou Kiben-Aysien, yo telage ou sou pawòl pou yon lane osinon pi plis pase yon lane, si ou te antre sou kondisyon, ou te viktim violans domestik, osinon yo te kanpe depòtasyon ou.

5. Ki kote mwen kapab aplike pou Asistans Chomay apre yon Katastwòf?

Gen 2 jan ou kapab aplike:

- a. Nan telefòn - Rele 1-800-204-2418.
- b. Nan Intènèt - nan www.fluidnow.com. Ou kapab itilize konpitè nan Sant ki pre ou-a pou ou aplike.

Kèlkeswa jan ou aplike, ou dwe fè yo konnen sa.

6. Kilè mwen kapab aplike pou benefis chomay apre yon dezas?

Ou kapab aplike nan 30 jou apre dezas la, sòv si yo pwolonje dèle aplikasyon-an. Ou ta dwe pwese aplike paske wap gen pou ou tann 3 senmenn anvan ou resevwa pwemye chèk la. Si ou pat kapab aplike anvan dèle-a fini, tanpri kontakte biwo nou pou nou kapab ede ou.

7. Pou konbe tan mwen kapab resevwa benefis chomay apre yon dezas?

Ou ka resevwa benefis sa-a pou 26 senmenn (6 mwa) apre yon dezas.

8. Ki sa'm kapab fè si yo di mwen pa kalifye pou benefis chomay apre yon dezas?

Ou gen dwa mande pou yo revize desizyon sa-a, men ou gen 20 jou pou fè sa soti nan dat yo te pran desizyon-an. Yo va ba ou yon randevou pou yo kapab tanda ka ou. Si ou bezwen moun pou tradwi pou ou, se pou ou mande yo sa lamenn. Nan odians sa-a, wap gen pou ou eksplike ofisye-a poukisa desizyon-an pa bon, epi tou pou ou moutre li ou gen dwa pou yo ba ou Asistans Chomay la. Ou kapab mennen temwen ak ou, epi tou pote kèk dokiman pou soutni demand ou-a.

Si ou gen kèk lòt Keksyon osinon si ou bezwen èd pou ou reklame Asistans sa-a, kontakte biwo ki pi pre ou.

Your Legal Services Office Contact Information